Соколёнок

2/2014

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# БачIа, их

ХIасан ХIабидов

**ТIохил рагIаллъабазда**
**Даларал цIункIулукIал**
**МагIу тIун гIодиледухъ**
**БачIа, их! БачIа, их!**
**БачIа, их, мун нижехъе!**

**ГIазуги биинабун**
**Кьурул ракьанлъабазда**
**Дерец къватIиб кIанцIизе**
**БачIа, их! БачIа, их!**
**БачIа, их, мун нижехъе!**

**Хинал улкабаздаса**
**Нахъ руссунел хIанчIазе**
**ХIадурун ругин рукъзал,**
**БачIа, их! БачIа, их!**
**БачIа, их, мун нижехъе!**






## ИХ

Рогьарабго хIанчIица,
ХIеренаб гьаркьидалъун,
ГъотIол каралъги рещтIун
КучIдул руго ахIулел.

Багъан гъадула кьагIи,
Рохун кьурдула бачал,
Байданалда тириго
Тиризе уна тагьи.

Рихьула тIоцересел
ТIугьдуз берал рагьулел,
ТIаде рачIун наяца
Гьезул гьоцIо босулеб.

МугIрул согIал гIоралгун
ГIанчIал лъарал рагъула.
ГIазукь гIунарал иццал
ХIоралгун гунгудула.

КIичIун габургун барти,
ГIучI гIадин, квачIид чIола.
Кар меседил гIалаялъ
ГIаларча-тай гьабула.

Лълъурдул бегIераб бугъа
Бухъардизе лъугьуна.
Вехьасул азар гIиял
Азарго тIаде гIола.

ТIамах гъарал гъутIбуца
ГIурччин дарай ретIуна,
ЦIадал регьелги гьекъон,
Ралъадлъун мегъ гьелчола.

ЦIорол гъат къараб кьуру
Бакъул чIораз лъухьула.
Хьиндалазул ахакьан
КочIол бакънал рагIула.

Бокьула их бачIине,
ЧIухIула гьелъ тIабигIат.
Их буго нилъер ватIан,
ТIегьай абе гьеб даим.



# Зоуму ГIужрукъ Батирова

Риидалил бакьулъ моцI букIана. Инсуца гьитIинав вацасе хъутаналдаса бачун бачIана гIужрукъалъул тIинчI. Гьеб нижеца нижерго ахикье биччана. Вацас гьелъие хIеренаб тамалоялъул рукIелги хIадурана. ХIадураниги, гIужрукъалъул тIинчIалъе гьеб рекIее гIечIеб лъаларо, гьелъ тIаса бищана цо кIудияб ганчIида гъоркь бугеб гванду ккараб бакI. Гьелъ гьенибе кIалдир ккун росун раччулаан гIодоре гъарал тIамхал, харил сумал, гьелъухъе щун бугоан гьороца ахикье босун бачIараб цо багIараб чIартил кесекги. Вац вукIунаан гьеб къакъазе бокьун, гьеб кодобе бачине бокьун. Амма гьелъул бегIерал рукIкIби гьесда хIенчолаан, гIужрукъалъул тIинчIалъ цо кибехун-ниги тIуризе бакI балагьулаан. Гьеб дагь-дагьккун нижер ахикь ругьунлъана, гIадамал рихьараб мехалъ лъутизе гIамал гьабулеб букIинчIо. Кваназе жоги гьелъие ахикь гIемераб букIана: гIодобе гъараб гIеч, гени, гIурччинаб хер. Гьелъие бокьулаан ламадурги. Гьеб, пастIанисаги бахъун, вацас бакI-бакIалда гIужрукъ хьвадулеб нухда лъун толаан. Щвана хасалихълъи, хъудана гьурал. РакIалдаго гьечIого сентябрь моцIалда магIарухъе бана гIазу. Радал тIаде рахъиналде хъахIаб гIазуца цIун батана нижер ахги. Вацасда ургъел чIвана гIужрукъалъул. Гьев, чакмабиги ретIун, гьелда хадув ахикье ана. Кисанго гьутIбузда гъоркьосан хьвадана, гьелъул рукIел букIараб ганчIида гъоркье ваккана, амма гIужрукъалъул тIинчI батичIо. Цо анкьица квачанги букIун, роцIана дуниял, биана гIазу. ГIадамаз жидерго хур-ахалъул тIалаб гьабизе байбихьана. Ламадур, чIакIултIан ракьулъа бахъана. ГIазу биун риччизарурал харил гъунал ракъвазе тIиритIана. Цо харил гъуни тIибитIулаго гьелда гъоркьан къватIире раккизарун хIинкъарал бералгун, балагьун чIун бугоан гIужрукъ. Вацасул рохел бихьизе лъикIан нужеда, гьес гьеб хъатикье херги босун, хIенчелареб хIалалъ къватIибе бачана, цинги рокъобе жанибеги бачун, гьелъие рахь тIуна, бус-сун гьебго рахь тIураб суркIида жанибе ламадур бана. Гьеб бакъун букIун бугеб куц! РоцIараб мехалъ гьелъул чIегIерал маржанал гIадал берал гьимулел ругилан кколаан. МоцI магIарухъ хинаб букIана. ГIадамаз жигар бахъулеб букIана: лалал тIамизе, картошка бухъизе, пихъ ахикьа бакIаризе. ГIужрукъалъул тIинчI ахикьа цо-цо азбаралде бачIунаан, гьениб рагIа-ракьанда бакъукь бегун, кеп босулаан.

Хасалихълъиялъул ахирияб моцI цIидасан квачараб бачIана. Бана гIазу, цIорона ракь. Харил гъуналги некIого эбелалъ, ракъвазеги гьарун, гьоралъур лъуна. КъватIиб хъудулеб букIана цIорораб гьури, рахIат хун, азбаралда добе-гьанибе женкIелеб букIана гIужрукъ. Берал рукIана

гьелъул цIакъ пашманго. МагIил гарал кенчIелел ругин гьезда жанирилан кколеб букIана. Вацасул гьелда цIакъ ракI гурхIана. Гьес эбелалъул самараб квас жаниб лъолеб корзинка босун бачIана, инсул квердаххелалги тIад ххун, гьес гьеб корзинкаялда жаниб лъуна ва печь бакараб хинаб рокъобе босана. ГIужрукъалъул тIинчI бохараб куц! Гьеб киналго бокIназде щвана, сундулго махI сунтIана. АскIобе бачIун, нижер хIатIазулгицин махI сунтIулаан. Нижеца гьеб лъикI кванazaбуна, ламадур, рахь кьуна, гьелъие рукъалъул бокIоналда рукIел гьабуна. Цо-кIиго къоялдасан гIужрукъ билана. Гьеб кибго батулеб букIинчIо. Гьелъ диваналде нахъе бехъерхъун бугоан гьитIинаб полотенце, яцалъул щвата, инсул щватаби. Полотенцаялда жанибеги лъугьун, жиндицаго бакIарараб чIорто-къоноялда гьоркьоб кьижун бугоан гIужрукъ. Гьеб кьижана март моцIалъул ахиралде щвезегIан. Цинги макьидасаги борчIун, хIалакълъизеги хIалакълъун, цо къоялъ баккун бачIана гIужрукъ. «Гьале дун! Нуж урхъун рукIанищ дихъ?» - ан цIехолеб бугин кколеб букIана чIегIерал маржанал гIадал гьелъул бераз. Гьелъие квен хIадурана. Жиндирго суркIинибе рахь тIуна, ламадур, гIеч кьуна. Цо анкьидасан хIалакълъун данде чехьги рекIун букIараб гIужрукъалъул тIинчI гургинлъун бачIана, нижеца гьеб азбаралде биччана. ГIужрукъ азбаралдаса ахикье ана. Ихалъги риилъги гьеб ахикь букIана. Хасалихълъи тIаде щварабго, гьеб тIагIана. КигIан балагьаниги батичIо. Ниж цо хирияб, нижее гIагараб жо тIагIараб гIадин пашманлъана.



# Гьабухъе унеб дунял



**ВукIанила, вукIинчIила цо мискинчи – цо оцалъул бетIергьанчи. Цо къоялъ гьев, оцги бачун унаго, нухда букIараб майданалда кьижун ккун вуго. Гьев кьижараб бакIалде тIаде вачIун вуго Рашитхан абулев, хIат хвараб бечелъиялъул, дунялалдаго цIар арав, жиндир лъимал-чагIи гьечIев, цо улкаялъул хан. Гьев вукIун вуго рохьове гьадинго свера-тиризе вачIарав чи.**

**Рашидханас, кьижараб хIалалда ворчIизавичIого мискинчиги тун, хъван цо кагъат лъун буго гьесда аскIоб, жиндирго цIарги гъоркь хъван. Макьидаса ворчIарав мискинчиясда батун буго гьеб кагъат, гьелда хъван батун буго: «Гьабухъе унеб дунял» - абун.**

**БацIун жиндирго оцгун, мискинчи щун вуго цо росулъе. Гьениб азарго гъурущалде гьебги бичун, цо рукъги ккун, чIей гьабун буго. Цо сордоялъ гьас Аллагьасда гьарун буго, жинца дуе кIинусго гъурущ кьелин, жиндие дуца нусго гъурущ кьеян. Радалалде гьасул кIинусго гъурущ батун гьечIо, аскIоб лъун нусго гъурущги батун буго. Нахъисеб сордоялъ мискинчияс гьарун буго Аллагьасда, жинца дуе лъабнусго гъурущ кьелин, дуца дие кIинусго гъурущ кьеян. Радал вахъиналде гьасухъ лъабнусго гъурущ батун гьечIо, аскIоб лъун кIинусго гъурущги батун буго. Гьелъухъги росун руго мискинчияс кIиго чу. Гьедин гьеб росулъа анцIила щуго чуги босун, лъикIал гьалмагъзабиги ралагьун, гьал ун руго цо ханасухъе, цебе ахIиги битIун буго ханасухъе, духъе гьоболлъухъ Рашитханасул вас вачIунев вугин абун.**

АхIи тIаде щварабго, ханас вохуца холаго кIудияб хIадурлъи гьабун буго, жиндихъе цIар арав бечедав ханасул вас вачIунев вугин абун, гIемерал жиндирго чагIигун нухда данде вахъун вуго, гьалбадерил хIурмат гьабун. КIудияб дандчIвайги гьоболлъиги гьабунила ханас Рашитханил васасеги цадахъ рачIаразеги. ГIемераб мехалъ гьесул гьенирги рукIун, гьаз къасд гьабунила рокъоре тIадруссине.

Ханасдаги гьесул чIужуялдаги кIудияб ургъел кканила гьанже, хIат хун бечедал, дунялалдаго цIар арав Рашитханиегги гьесул васасеги сайгъат-саламалъе щибжодай нилъеца кьелебан, кIиялго ургъанила ва хIукму ккавила Рашитханил васасе жидерго цохIо йигей, берцинлъиялъул цIар арай яс кьезе. КIудияб бертинги гьабун гьесие ясги кьунила, цогидаб сайгъат-саламгун ханас гьалбал нуха регIанила.

Гьанжеги мискинчияс цебе ахIи битIун буго Рашитханихъе, дур васги гьесул чIужуги рачун рачIунел ругин ниж, нухда данде вахъаян. АхIи тIаде щварабго, Рашитханги гьесул чIужуги риххун хутIанила, нилъер лъималги гьечIин, гьав вас кисайин нилъер вукIараван. Кин букIаниги, гIадамазда хIал лъазе биччазе бегьиларин абун, Рашитханги, гьесул чIужуги, гIагара-гIунтIаралгун цадахъ нухда дандчIваялъе рахъанила.

Мискинчияс тIаде щваравго, саламги кьун, Рашитханил квер бачанила ва абунила:

- Рашитхан, гьабухъе уна дуниял, - абун.

Рашитханида ракIалде щванила кьижун ватарав мискинчиясда аскIоб жинцаго хъван тараб кагъат. Гьесда ракIалде ккавила, жиндир лъималги гьечIин, живгоги херлъун вугин абун. Гьес гьенибго ханлъиги мискинчиясухъе кьун буго. Эменги васги гIадин рекъон хутIанила гьел.








Гъизилюрталъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб №8 школалъул цIалдохъан Мурадисинов ГIусман рикIкIуна лъималазул цевехъанлъун. Васас хIаракат бахъула цIалулъги, хIалтIулъги, гIаданлъиял ишазулъги кьерилаздаса тIокIлъи бихьизабизе, гьездаса живго цеве ккезе, цогидазе кивго мисалияв васлъун вихьизавизе. Кидаго гуроха ГIусман гьединав вукIарав. Васасул гIамал-хасият лъикIаб рахъалдехун хисиялъе мисаллъунги сабаблъунги лъугьана гьадинаб иш.

Микьабилеб школалда рагьараб «ЦIадаса ХIамзатил музеялъул» нухмалъулей Зайнаб Идрисовна гIемер унаан музеялъул къваригIелал тIуразе Дагъистаналъул халкъияв поэт, дунялалдаго рагIарав Расул ХIамзатовасухъе. Зайнаб Идрисовна ккола ГIусманил кодо-эбел. Гьединлъидал МахIачхъалаялдаса нахъ юссарай Зайнаб Идрисовналъ рокъоб бицунаан Расулил гIакъиллъиялъулги, гьесул кIодолъиялъулги, гьес тIаде рачIарал гьалбадерил гьабулеб адабалъулги. Гьел харбазухъ кIвар кьун гIенеккулаан гьитIинав ГIусманги. Цо къоялъ васас Зайнаб Идрисовналда гьарана гьаб нухалда живги вачейин Расул ХIамзатов вихьизеян.

- Дица мун цадахъ вачина, амма Расулихъе щварал лъималаз лъикIаб гуреяб иш гьабизе бегьулароха, гьев кIудияв инсангун дандчIваралдаса, досул квер босаралдаса нахъе, - ян ялагьана Зайнаб Идрисовна васасухъ.

- Дуца малъухъе гьабила, кинабго квешлъи квер хьвагIун тела, лъикIабщинаб босила, иманалда хьвадила, Зайнаб-ада, дуца дир мурад тIубазабуни, - ян, кIудияв чияс гIадин, гIакъилаб жаваб кьуна ГIусманица.

... ТIубана ГIусманил анищ. Гьале гьев Зайнаб-адагун Расул



*ГIусман Мурадисинов Расул ХIамзатовасухъ.*

ХIамзатовасухъ гъоболлъухъ. Хъвадарухъабазул союзалдегицин гурелха, кIудияв шагIирас гьел хириял, цIакъго къиматал гьалбал гIадин, жиндирго рокъоре ахIун руго.

Дол соназда гIицIго цо Расул ХIамзатовасул гурони букIинчIо кIудияб кIалгIа, я МахIачхъалаялда яги Дагъистаналда. ГьитIинав ГIусман тамашалъул вукIана поэтасул гьоболрукъалъул борхалъиялдагун гIатIилъиялда. Гьев хаган хутIана Китаялъулги Индиялъулги тIагIелаз къачIарал къедалги, гьениб гвангъараб цIа жаниб гьелегьунеб гъанситоги бихьун. Амма бищунго вас асир гьавуна дунялалда машгьурлъи щварав шагIирасул гIадатлъиги, гьесул гIаданлъиги, гьалбадеридехун бугеб адабги бихьараб мехалъ.

Жеги ГIусманил рекIелъ хутIун буго «Дир гьудул ГIусмание, лъикIабщинабги гьарун» абун тIадги хъван, Расулица тIехь сайгъат гьабидал лъугьараб, лъугIи гьечIеб рохалил асар.

Гьеле гьеб къоялдаса нахъе батIияв, мисалияв вас лъугьана ГIусманил. Цо нухалдагIаги Расул ХIамзатовасул квер босарав васас квешал ишал гьаризе бегьулареблъи лъала гьесда.

«Дие битIккана. Цо нухалда гуро ниж кIуда-эбел Зайнаб Идрисовнагун Расул ХIамзатовасухъе гьоболлъухъ ун рукIарал. Дица гьев рикIкIунаан дирго дахIададалъун. Гьединавлъун хутIунги вуго дир рекIелъ кIудияв инсан ва кIудияв поэт Расул ХIамзатович ХIамзатов», - ан абула гьанжеги ГIусманица.

Исана ГIусман Мурадисинов цIалулев вуго 9 классалда. Гьес кIвараб хIаракат бахъун кумек гьабула «ЦIадаса ХIамзатил музеялда» хIалтIулей кIодо-эбел Зайнаб Идрисовналъе экспонатал ралагьизеги, гьалбал къабул гьаризеги, киналго цогидал ишазулъги. Гьалбалин абуни, музеялда кидаго гIадин рукIуна. Хасго цIалдохъаби.

# Лъималазул асарал

## КIудада

Дир вукIана кIудада,
Халкъалдаго рагIарав,
МугIрул тун цIакъ рикIкIаде
ЦIар жиндир машгъурлъарав.

Жеги гьитIинаб лъимер
КIуда-бабагун цадахъ
Цо нухалъ гуро щварав
Гьоболлъухъ кIудадахъе.

Ниж рачIиндал кIудада
Вохулев вукIараб куц,
Канлъи жиндие босун
Ниж рачIарал кинигин.

Цинги дос цIалулаан
ЦIиял кучIдул нижее,
Досул асараз ракIал
РукIана асирлъулел...

ГьечIо гьанже кIудада,
Ана ахираталде.
Аллагьас алжаналда
Жанив тун ватайги гьев.

КIудада гьечIониги,
КIоченаро кидаго
Досул сахаватлъиги,
ЛъикIлъиги гIаданлъиги.

Досул гъасда бакараб
Канал цIадул хинлъиги
ХутIила дир каранда,
Квачалдаса цIунизе.



*ГIусман Мурадисинов, 9 класс.*

## ТIЕХЬАЛДА РУГО:

БачIа, хIеренаб макъу.................................. 2
Бубай цадахъ ячине...................................... 4
ТIегь гIадинай Сумая.................................... 6
Метер хекко рахъине.................................... 8
Огь, Мурадил МухIамад ..............................10
Инсуе кумекалъе ..........................................12
Кьижа, дир Мурад.......................................... 14

МухIамад Хириясулаев.
Кинидахъ ахIизе кучIдул.

Редактор Мурад Хириясулаев.
Художник М.Муталибов.
Тех.редактор Т.Лузина.

Сдано в набор 06.02.2014 г.
Подписано в печать 30.03.2014 г.
Усл. п.л. 1

Тираж 2310 экз.
Заказ № 117



## БАЧIА, ХIЕРЕНАБ МАКЪУ

БачIа, бачIа, богIоло,
Бахьикъосал рикъизе,
Рокъоре руссунарел
КъватIул гьаби хъамизе!

БачIаниги, кьеларо
КьегIер гIадав нижер вас,
Дуца гьав викъун ани,
Эбелалъ щиб гьабилеб?

Вай бачIунге, хъамало,
Хъамуге нижер бурутI,
А царал тIинчI бикъизе,
Цо вугев вас нижей те!

ЯчIунге, хъачIай хъартай,
Хъамуге нижер гьитIин,
Гьорол эбел, а мунги
Ягъзинал васазухъе!

Викъизе чара гьечIо,
Хъамизе гIамал гьечIо
Нижер цохIо вугев вас,
Гьав нижер маулхIаят.



# Кьижа, дир Мурад

КIкIалал аххада регун
Руго бецIал рагIадал;
Гьезие аххги бачун,
Чвахулел руго лъарал.

Кьижа, дир Мурад, кьижа,
Кьижа, бабал хазина.

Недегьго куркьбал хьвагIун,
Макьу буго боржунеб,
Сардил ругьел кинигин
Дур кинидахъе щолеб.

Кьижа, дир гьитIикI, кьижа,
Кьижа, дадал бахIарчи.

Хурухъанасда тIощел
ТIамила макьилъ цебе,
Ахихъабазде гъутIби
Гъенела пихъаз цIалтун.

Кьижа, бабал багIаргIеч,
Кьижа, дадал кумекчи.

Гъапуллъарав вехьасда
Бихьила квешаб макьу,
ГIакълу гьечIел, кьариял
КьагIи парсинир харун.

Кьижа, дир дару-дарман,
Дадал гьитIинаб бурутI.





Духъе хIинкъараб макьу
Дадаца биччаларо.
Беразде тIелхал раче,
ТIад юргъан дица бала.

# Бубай цадахъ ячине

ЧIоролаби сихIкъотIун
ХIотол бусада руго,
Сардица кваркьи бачун,
Кьижизарулел руго.

Кьижа мунги, рекIел тIегь,
Кьижа нижер хIеренай,
ХIикматал макьабаца
Берцинлъизе гьаб сордо.

Дур гъулакалда квер лъун,
Кидаго баба йиго,
Кинидахъ кечI ахIизе
ХIадурго кIодо йиго.

Кьижая сванхиялда,
Сурмияб зодил тIавус,
ТIогьолъ берцинаб гIандус,
ТIогьиб ахIдолеб гIанса.

Кьижа, кьижа, дир месед,
Сордо хехго рогьине,
Бакъ баккидал бабаца
Бубай цадахъ ячине.





# Инсуе кумекалъе

Кьерилал васал квасул
Бусалъа рахъиналде,
Рехъенги цебе къотIун
ГIалахалде щвела гьав.

ГIел бащадав Чупалас
Чай гьекъон бахъиналде
Рукьалда оцалги ххун,
Хур бекьизе щвела гьав.

Живго гIадал гIоркьилал
Бурди-тIил хIалелги тун,
ХIалае вортун ина
Инсуе кумекалъе.

Нагагьлъун ватIаналде
ТIаде балагь бачIани,
Ярагъ борчун, чу кьолон
Кьалде инев нижер вас.

Добаса давла босун
Вуссун цо моцI балелде
МоцI гIадаб гьумералъул
Гьудул дандчIвалей гьавгун.

Рагъида къали бухун,
КъетIе рахун зурма пун,
Зоб-ракьалда рагIараб
Бертин гьабилеб дуе.



# ТӀегь гӀадинай Сумая

МугӀрул тӀогьиб
ТӀегь гӀадинай нижер ай,
ТӀогьода тӀад
На гӀадинай нижер ай,
СуратгӀанги
Берцинайги нижер ай,
Си гӀадинан
Йорхатайги нижер ай.

Гъасда цӀагӀан
ЦӀвакарайги нижер ай,
ЦӀваялдаса
КунчӀарайги нижер ай,
Росдал ясал
Урхъарайги нижер ай,
Улбуз бищун
РикӀкӀунейги нижер ай.



# Огь, Мурадил МухIамад

Ва, Мурадил МухIамад,
МахI берцинаб тIогьол лъим,
Лъаралъ чвердолеб масакI,
Месед бекьараб ччугIа.

Я, МухIамад, МухIамад,
МахI гьуинаб пихъил сок,
Санда кIанцIолеб кьегIер,
Кьурулъ басандулеб бис.

Ле, МухIамад, МухIамад,
МахI тIагIамаб тIогьол гор,
Горда чIвараб бакъул нур,
Рукъ кквезе лъураб хIуби.

Огь, Мурадил МухIамад,
Гьарун бараб цIадгIадав!
Дир МухIамад, МухIамад,
МихIмаралъул си гIадав.



# Метер жекко вожхъине

Бакъ тIерхьана, къо ана,
Къаси мех тIаде щвана,
Кьижа, кьижа, дир гьитIикI,
Радал хекко вахъине.

ХIанчIиги кьижун руго,
КьагIиги регун руго,
Кьижа, кьижа, нижер тIинчI,
Метер хекко ворчIизе.

Мукъур берцинаб микки
Бусада кьижун буго,
Кьижа мунги, дир кьегIер,
Макьу лъикIаб бихьизе.

МугIрузул хехал лъараз
АхIила дуе кучIдул,
КIкIалабахъ согIал гьурал
Гьез кьижизе гьарила.

Кьижа мунги, дир лачен,
Чу гIадинаб кинитIа,
Мунго чотIа рекIине
КIудияв гIезе хехго.





# КIодол цIулакьо

Рашид Рашидов
(Даргиязул поэт)



Цо къоялъ ХIамидица
КIодо тохлъизаюна,
Таргъил кIалтIухъ бухьараб
ХьвацIил чIоло бичана.

Жанибе кверги бегьун,
ЦIогьодизе лъугьана,
ЦIулакьодул лъорги цIун,
Лъималазухъе ана.

Данде ккарал васазе
Гьас цIулакьо бикьана,
Гьоркьов чи хутIичIого
ТIолгоязе гьеб щвана.

Цинги, аздагьо гIадин,
КIодо къватIий ячIана,
ГIансаги хьвагIезабун,
Хьандезе байбихьана:

- Вай дур гIатIидаб чохьолъ
Басиялъ лълъар тункаяв,
Таргъиниве ваккизе
КингIаги мун нечечIев...

ХIамидил хIал хисана,
ХIинкъиялъ сородана,
КIодол тIилал щвелалде
ТIурун цевеса ана.






# Эбелалъ малъухъе цIалулеб буго



Учительницаялъ тIоцебесеб классалда цIалулев ТIагьир тIаде вахъинавуна ва абуна:

- ТIагьир, киназдаго рагIиледухъ цо кечI цIале.

ТIехьги рагьун, гьелдаса кечI цIализе лъугьана вас. Амма гьес гьеб цIалулеб букIана лъидаго рагIулаведухъ.

- ТIагьир, рагIизабун цIале, - ян лъугьана учительница.

- РагIизабун цIалугеян лъазабун букIана бабаца дида.

- Щай гьелъ гьаракь борхун цIализе толареб?

- Дица рагIизабун тIехь цIалараб мехалъ, кьижарай яц йорчIула ва гIодизе лъугьуна, - ян учительницаялъухъ валагьана ТIагьир.

# Калиматида цIализери лъаларо гури



ГьитIинай ПатIи столалда нахъа гIодой чIун хъвадарилей йикIана. Гьелда эбелалъ гьикъана:

- Суратал рахъулейищ, ПатIи, йигей?

- Гуро, баба, дун йиго яцгIал Калиматихъе кагъат хъвалей.

- Дуда хъвадаризе лъаларо гури, ПатIи.

- Калиматида цIализеги лъаларелъулха, баба.

# ГIакдал сурат

- Нижер мугIалималда гIака бихьун букIун гьечIо, кIуди, - ян кIалъана школалдаса юссарай ПатIи.

- Росулъ гIурай гIаданалда гIака бихьичIого букIине рес гьечIо, дир яс.

- Бихьун букIарабани, дица бахъараб гIакдал сурат бихьидал, гьаб щиб рухIчIаголъиян лъугьинароан дой.









Пусма гьечIев поэтас
ПасихIаб кечI ургъана.
Пикраби бигьалъизе
Пагьмуялъ квербакъана.

Пиша гьечIев Пашаца
ПартIан пандур босана,
Пашманаб бакъан бачун,
Паналъизе гьаруна.

Парихан пири гIадин,
ПуштIан цее кIанцIана,
Пирдагъихъе тIилги кьун,
ПиштIулаго кьурдана.




Рашидги Рамазанги
Росу рагIалде щвана,
Радал цудунго рахъун,
Рекерула, кIанцIола.

Рекорд босичIониги,
РазрядгIаги щвелилан,
Рии бачIаралдаса
РачIуна черх къачIазе.

Рашидил мисал босун,
Расулги аскIов чIола,
Рии роцIараб бугин,
РуцIцIинарилин ччорбал.




Сверухъе сасун буго,
Сордо сихI къотIун буго,
Сида тIадеги бахун,
Ссиялда бис чIун буго.

Сум парсиб сороларо,
Сиртахъ сег шуруларо,
Ссанда собогун сусур
Сас гьечIого чIун руго.

Сардил сихIкъотIиялъул
Сима, сипат босани,
Сабруялъе мисаллъун
Соназего гIелаан.




Тумаласул бартуда
Тулпарилан цIар тана,
Тирилъиялъул рахъалъ
Тулпар гIадаб тай гьечIо.

Тумалас Тулпаралъе
Тимар гьабулеб буго,
Таманал гьудулзабаз
Тулпар лъухьулеб буго.

Тайпа лъикIаб Тулпаралъ
Теларо бергьине чу,
Тумаласул бартуца
Босила кидаго чIел.






ЦIодорав ГIалил ункъо вас вукIанила. Лъабгояв берккелелгIан гIадлуги бугел, гIадамазда гьоркьоб къадруги борхарал, херал эбел-инсуе адабалъеги рахъун чIарал лъимал рукIанила. Амма АдухIилан цIар бугев ункъабилев вас цIакъ иман гьечIев вахъанила. Рача-рачаралруччабиричалев, инсуца кьураб боцIи-мал бичун хьвадулев саяхъ вукIанила гьев. Инсуца кьураб цогIаги гIакълу босичIила АдухIица. Гьедин букIаниги, живго хвараб къоялъ бищунго къварилъизе вугила АдухIин гIемераб абулаанила цIодорав ГIалица гIадамал ракIарараб бакIалда. Гьеб кеш бихьун рукIунаанила лъабавго лъикIав вас, хIал лъазе течIониги...

Гьал, Аллагьасул къадаралде щун, къанщанила цIодорав ГIалил берал. Гьесие бокьун букIараб куцалъ ракканила инсул гъансинире. Босанила цебе гьесул васият. Гьелда рекъон кинабго ГIалил буголъи бикьанила лъабавго лъикIав васасе. ГьакIкIан кIалгун, магIил цIун бералгун, щакъраххине рекIанила гьанжелъизегIан лъиданиги бихьичIого балъго хъван нахъе лъун батараб васияталда рекъон варислъиялдаса махIрумлъарав АдухI.

Васазда гьанже бичIчIанила инсуца гIемер такрар гьарулел рукIарал рагIабазул магIна. Лъанила щай эмен хведал АдухI бищунго пашманлъизе ккеялъе гIиллаги.



# Некісиял хІаял

## ТІоцебесеб хІай

Гьаб хІаялда гІахьаллъулев щивав васасухъ яги ясалъухъ къохьол тІагъур букІине ккола. Цинги накабазда гьоркьоб тІагъурги лъун гьел хІуччалда нахъа рахъун чІола. Цинги судияс гьиштІарабго, накабаз ккураб тІагъурги бортизе биччачІого, кІанцІунго кІанцІун 15 метраялъул манзилалъ добегІан цІараб цоги хІучч бугеб бакІалде щвезе ккола. Цинги нахъруссине ккола доб тІоцебе рекеризе байбихьараб хІуччихъе. Рекерулаго накабазда гьоркьоса тІагъур бортарав хІаялдаса махІрумлъула. ТІоцеве нахъвуссун хІуччде щварас тІоцебесеб бакІ ккола. Гьединго хадусел бакІалги ккола.



## КІиабилеб хІай

КІиабилеб хІайги тІоцебесеб хІаялда релълъараб буго. Амма гьенир доб цояб хІуччдеги тІад руссун рукІарабго бакІалдеги рекерулелъул цо-цо бакІалда ратула тІасан кІанцІизе ккурал кварал. Гьел кварал рукІуна 30-40 сантиметраялъул борхалъиялда. Гьединлъидал кІиабилеб хІай тІоцебеселдаса гІемерго захІматаб буго.

## Лъабабилеб хІай

Гьаб хІаялда кІигояс бутІрузда гьоркьоб ккола добго къохьол тІагъур. Гьебги бортизе биччачІого рекеризе ккола гьеб хІуччдаса доб хІуччде ва цинги нахъруссунги. БутІрузда гьоркьоса тІагъур бортизе тарал хІаяздаса нахъе уна. ТІоцебесеб бакІ щола тІадруссун добго хІуччде рачІарал кІигоязе. КІиабилеб бакІ гьезда хадур нахъруссун хІуччде щварав кІигоясе. Гьезда хадур рачІаразе лъабабилеб бакІги букІинарищха.




* * *

**Аб кIкIал, доб кIкIал,**
**ГIачи кIкIал, чума кIкIал,**
**НикIкIилъар, лъабгIин,**
**ГIани хух, цIани хух,**
**ЦIор бихьараб бахьинхIинчI,**
**Бихьулареб гъвалахIинчI,**
**НикIкIваязул гьел-гьел,**
**Гъалбадерил чу-чу,**
**ЧотIа рекIун ГIалисканди,**
**ТIартинире мусудул,**
**Сивунире бахIарзал,**
**ХIоринире къуркъби,**
**Къадалъе борхьал.**

* * *

**Кун меседил расеналъул,**
**Гьинчалалъул чу магIарде,**
**ГIала хьинда, хьинда цIибил,**
**ЦIолбол кету, катил гIундул,**
**ГIондокьил квачI, катилги рачI.**



# РАГIИКЪОТIАЛ

**№ 1**




**ГIЕБЕДЕ:**
1. Квалквал?
4. Корохъ бежула гьеб?
5. Ххам?
7. ЦIоросаролъил рас?
10. Могьолаб культура?
11. ЛъугIел?
14. Ккун вачарав чи?
17. Ясалда цIар?
18. Телефоналъул рагIи?
19. Цоялдаса цIикIкIун зани?

**ГIОДОБЕ:**
1. Адаб гьабун чIужугIаданалде абулеб цIар?
2. Байбихьи?
3. ГIакъилаб рагIи?
4. Хьвани?
6. ХIарп?
8. ТIощалил роцен?
9. Африкаялъул гIалхул хIайван?
12. ХIалакълъи?
13. Самолет?
14. ХIинчI?
15. ГIабул?
16. РикIкIен?




**№ 2**

**ГIЕБЕДЕГИ ГIОДОБЕГИ ЦОГО РАГIИ:**
1. Рукъалъул хIайван?
2. Росдал бутIа?
3. ТIохде рахине хIажалъулеб алат?
4. ГIараб алипалъул хIарп?




**№ 3**
1. ХIетIе боси?
2. РекIел хIал?
3. Черхалъул бутIа?
4. Надир-шагьасул улка?

# ГЬАБ СУРАТАЛДА АНКЬГО БАТIАЛЪИ БАЛАГЬЕ!



# Кицаби

* * *

ХIалтIи бокьулев лъугьине
Лъабго моцI къваригIунеб,
КIохIалавлъун лъугьине
Лъабго къоги гIолеб.

* * *

ВакъичIого кванаге,
Кеп щвечIого велъуге.

* * *

РетIел цIияб лъикI,
Гъудул цевегосев лъикI.

# БицанкIаби

* * *

Къокъав чиясда халатаб рачел?

* * *

ХъахIилаб туртида тегьараб цIоросаролъ?

* * *

Беццаб бокьоб кьарияб оц?



Соколёнок
Лачен
2/2014

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИ№ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
М. Ахмедов

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ (редактор выпуска)

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М.Муталибов
Художник обложки А. Качаев

Сдано в набор 06.02.2014г.
Подписано в печать 30.03.2014 г.
Уч.изд.л. 3,82.
Ус. печ.л. 2,79.
Формат 60х84 1/8
Тираж 2310 экз.
Заказ № 117

ГУП Республиканская газетно - журнальная типография
г.Махачкала, пр.Петра I, 61

Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
367025,г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.